

Ki sa ki Vizyon Zewo pou Rejyon Florid Santral la é Poukisa nou bezwen pran aksyon?

Chak semèn, genyen 5 moun mouri ak 35 moun ki blesé grav nan aksidan nan zòn Florid Santral la. Vizyon Zewo se yon mouvman entènasyonal pou eliminé lanmò lè genyen aksidan machin.

Vizyon Zewo pou rejyon Florid Santral la ginyin yon objektif senp: sovè lavi moun. Ankin moun pata sipozé mouri nan aksidan machin. Tout moun ta dwe kapab sikilè san danjé alantou zòn Florid Santral la san yo pa bezwin pè pou yo ta mouri oswa blesé grav nan yon aksidan.

Efò planifikasyon kowòdone saa ké MetroPlan Orlando ap dirijé ansanm avek ajans lokal yo pral devlopé yon Plan Aksyon ki aplikab a tout rejyon an jeneral (Orange County, Osceola County ak Seminole County) osi byen ké dé plan aksyon patikilié pou chak County ak chak vil.



VISION ZERO
CENTRAL FLORIDA

Counting down to zero traffic deaths



metroplan orlando
A REGIONAL TRANSPORTATION PARTNERSHIP

Pwojè sa finansé pa yon sibvansyon federal de \$3.79 milyon pou pwogram ki rélé "Safe Streets and Roads for All" la.


Ki sa ki pral nan Plan Aksyon Vizyon Zewo sa?

Plan rejyonal la ansanm ak plan patikilié chak County ak chak vil yo pral gen ladan yo:

- **Yon Rézo ki rélé "High Injury Network":** Yon analiz doné aksidan pou nou ka idantifyé ki koté nan rézo transpòtasyon woutyè a ki gin pi gwo risk pou aksidan fatal ak aksidan koté yon moun blesé grav pou nou ka konsantré sou zòn ki pi enpòtan yo.
- **Yon Konpozan Ekité:** Idantifyé é bay priorité a kominoté défavorizé yo ki pi afekté pa aksidan machin.
- **Yon lis Lari ak Entèseksyon ki Priorité:** Pwodui yon lis pwojè ki fèzab é ki kapab gen plis enpak sou sekirité woutyè nan rejyon an.
- **Yon Pwogram Edikasyon ak Kontravansyon:** Idantifyé chanjman konpòtman ki nesèsè pou redwi aksidan é detèminé metòd pou ankourajé chanjman sa yo.
- **Yon efò soutni:** Etabli yon pwosesis defini epi idantifyé ki òganizasyon ki responsab pou enpimanté, meté ajou, é kontwolé pwogrè.
- **Miting Piblik:** Angajé piblik la se yon pati klé nan etid sa a.
- **Rezilta:** Pwojè ké nou idantifye na plan sa pral enkli nan lis pwojè ki priorité pou MetroPlan Orlando oswa jiridiksyon lokal yo finansé avek konstwi.

POU REJYON 3 COUNTY YO (2018-2022)

327,500 aksidan
9,500 blesi grav
1,465 moun mouri ki enkli:



**41% aksidan fatal
yo rive sou 2% rézo
woutyè a.**

KIJAN OU KA PATISIPE?

Inisyativ planifikasyon sa a ankourajé patisipasyon moun tout laj nan rejyon nou an, enkli lidè nan kominoté nou yo, rezidan yo, ak vizitè yo. Patisipé avek nou nan mouvman sa a pou nou eliminé tout aksidan ki koz lanmò ak grav blesi sou wout nan Florid Santral. Nou kapab sovè lavi moun lè nou chak fè pati pa nou é lè nou tout travay ansanm.




Vizite nou sou sit nou pou gadé doné sou aksidan yo, aprann plis sou sekirité woutyè, bay fidbak ou é jwenn detay sou evènman kap vini:
VisionZeroCFL.gov



VINI TANDE KISA VWAZEN'W GIN POU DI

Moun nan Florid Santral yo konnen byen pou kisa nou bezwen pwogram Vizyon Zewo sa. Gadé video sa pou ou tandé sa yo di é patajé pou kisa nou bezwen plis sekirité woutyè:

<https://bit.ly/VZCFvideo>



EDE NOU IDANTIF PWOBLÈM SEKIRITE WOUTYE

Pafwa rapò aksidan pa bay tout sikonstans yo - é se la ou ka édé fè transpò mwins danjeré. Ale nan pati ki make "Help Identify Safety Problems" sou sit **VisionZeroCFL.gov** pou di nou ki zòn ou santi ou pi an sekirité pou ou sikilé.

Eské ou gin kesyon? Ou ka imèl

VisionZero@MetroPlanOrlando.gov